



**CHILDREN'S ADVOCACY CENTER**  
*of suffolk county*

## KONNEN KOUMAN POU REYAJI

*Lè ou konnen kouman pou reyaji, sa pèmèt ou defann yon timoun lè li pi bezwen sa.*

### **Pou reyaji lè yon ti moun fè konnen yo fè li yon abi**

#### **FÈ SA**

- Pale avèk timoun lan, epi fè li konnen ou enterese nan sa k ap rive li.
- Ou ka di yon bagay tankou : « Mwen gen enkyetid pou ou. Ou sanble ou gen yon bagay k ap chaje tèt ou (tristès, angwas, laperèz, elatriye...) ». Oswa, « Mwen wè ou manke kèk jou nan lekòl ou (ou sanble ou bouke, ou pa fè menm jan ou gen abitud aji, elatriye...). Èske tout bagay ap mache byen ? »
- Pale yon jan pou timoun lan konprann kisa ou vle di.
- Pran pasyans. Eseye pa mete pwòp pawòl ou nan sa l ap di.
- Kite timoun lan di ou sa li chwazi pou di ou, lè li pare ak lè li kapab.
- Koute byen kisa timoun lan ap di.
- Kite li sèvi avèk pwòp mo li.
- Bay timoun lan asirans li p ap fè anyen ki mal.
- Fè timoun lan konnen sa mande kouraj pou pale sou sa, epi ou enterese nan sa k ap rive li, epi ou vle ede li.
- Kenbe kalm ou. Sa kapab parèt difisil, men sonje timoun lan gade ou tankou yon moun li kapab fè konfyans. Si timoun lan santi ou kontrarye, sa kapab fè li kwè li fè yon bagay ki pa kòrèk.
- Veye pou timoun lan nan yon kote ki pa gen danje pou li, epi kontakte lapolis oswa Depatman pou Timoun ak Fanmi an (Department of Children and Families). Si timoun lan anfas yon danje imedyat, rele 911.

## PA FÈ SA

- Pa eseye mennen yon ankèt ni chèche pran tout enfòmasyon sou sa ki pase. Kite detay yo pou pwofesyonèl yo.
- Pa poze kesyon ki mennen nan yon repons ou vle, ni ki montre ou sipoze yon bagay. Pase pou ou ta mande « Èske gen yon moun ki fè ou tèl bagay ? », mande pito « Èske gen yon bagay ki rive ou ? »
- Pa mande kesyon tankou « ki moun, ki kote, kilè, ak pou kisa ».
- Pa pwomèt timoun lan ou pa pral pale avèk pèsoun sou sa. Di timoun lan sekirite li enpòtan, epi ou gen kòm devwa pou ou pale avèk lòt moun majè pou pwoteje sekirite li.
- Si timoun lan montre li pè pou lòt moun konnen, mande li « Kisa ou pè ki ka rive ? ». Ba li asirans men, yon fwa ankò, pa pwomèt li anyen pou pi devan.
- Si non moun ki sispèk la nonmen, pa eseye kontakte li, ni fè li konnen kisa ou aprann sou li.
- Si ou konnen moun ki sispèk la, pa pote okenn jijman ni fè okenn kòmantè sou moun sa a. Sa kapab yon moun timoun lan renmen (oubyen menm yon moun ou enterese nan byennèt li).

Si ou sispèk gen abi ki rive, rele :

Department of  
Children & Families  
1-800-792-5200

Boston Police  
Department  
617-343-4000

Chelsea Police  
Department  
617-466-4855

Revere Police  
Department  
781-284-1212

Winthrop Police  
Department  
617-539-5800

**SI GEN YON  
IJANS, RELE 911**

## LEARNTHESIGNSOFCILDABUSE.COM

**CHILDREN'S ADVOCACY CENTER OF SUFFOLK COUNTY**

989 COMMONWEALTH AVENUE BOSTON, MA 02215  
617.779.2146 cac@state.ma.us www.suffolkcac.org

Pwojè a te resevwa asistans nan Massachusetts Office for Victim Assistance (Biwo Massachusetts pou Sipòte Viktim) avèk yon sibvansyon dapre yon lwa ki rele Victims of Crime Act of 1984 (VOCA); sibvansyon an te soti nan Biwo pou Viktim Krim, ki nan Pwogram Biwo Lajistis la, nan Depatman Jistis Etazini.